



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÒ KWASANS SOU PREMYE ANIVÈSÈ NOUVO SITWÈB NY.GOV

*Itilizatè yo te double, trafik mobil te triple epi gade paj te kwatriple nan yon rekò elve plis pase 17 milyon*

*Gade enfografik [la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse [rekò evle kwasans](#) ak akonplisman trafik nan sèvis dijital, yon lane apre [sitwèb](#) ofisyèl Eta New York te fin lanse. Konparativman, itilizatè mobil yo te double, trafik mobil te triple, moun kap gade paj te kwatriple, e nan pousantaj ke vizitè yo te kite sitwèb la te dimine a plis pase 20 pousan.

“Lè nou te redesine NY.gov, nou te mete Nouyòkè yo nan sant e nou te fè li vin pi fasil pase anvan pou itilize epi aprann plis sou sèvis gouvènman,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Chif sa yo pandan ane ki pase a pwove ke lè nou itilize teknoloji pou transfòme fason gouvènman kominike, li ka genyen yon enpak pozitif sou lavi moun yo. Strateji nou ap traay, e nap kontinye itilize teknoloji sa pou angaje Nouyòkè yo epi fè eta nou an ale delavan nan jou kap vini yo.”

Amelyorasyon yo se rezilta modènizasyon NY.gov gouvènè a, yon inisyativ teknoloji ki santre sou redesine sèvis dijital gouvènman pou redwi biwokrasi, amelyore pèfòmans, ranfòse sekirite, fè sèvis eta yo vin pi aksesib epi mete moun yo anvan.

Nouvo sitwèb la te devwale nan dat 12 novanm 2014, prezante yon refont konplè sou konsepsyon ak achitekti teknoloji pou premye fwa depi 1999. Amelyorasyon ansanm avèk metrik aktyèl yo dekri pi detaye anba.

### **Itilizatè yo te double**

Aprè relansman an, plis moun pase anvan ap itilize NY.gov. Nan ane anvan lansman an (12 Novanm 2013 – 9 Novanm 2014), NY.gov te sèvi plis pase 2,321,212 itilizatè, e apre-lansman (12 Novanm 2014 – 9 Novanm 2015) sit la te genyen 6,020,838 itilizatè, preske triple odyans li nan yon lane. Antanke yon motè rechèch Google ak Bing kontinye pou yo pi gwo sit referans ekstèn pou NY.gov, sa sijere pi bon endèks ak optimizasyon motè rechèch grasa pi bon strikti ak pi bon pratik. Lòt faktè kontribisyon

gen ladan aksè mobil amelyore, tradiksyon nan plizyè douzèn lòt lang ak pi bon aksesibilite pou moun ki gen pwoblèm vizyon yo.

### **Sesyon Mobil yo te triple**

Pandanke ansyen NY.gov te pratikman enposib pou itilize sou yon telefòn mobil, nouvo sitwèb la reponn plènmàn, pèmèt aksè fasil atravè nenpòt aparèy dijital, nan smartphone a tablet pou rive a òdinatè biwo. Nan kad eksperyans mobil ki amelyore a, itilizasyon mobil te ogmante pa plis pase 275 pousan, de 524,896 sesyon anvan lansman 1,970,897 de sesyon an sesyon. Jodia, plis pase 23 pousan trafik nan NY.gov fèt apati yon aparèy mobil.

### **Gade paj te kwadriple**

Depi revizyon sitwèb la, kantite paj yo gade an mwayèn nan NY.gov te ogmante a plis pase 300 pousan, soti a 3,983,135 anvan lansman pou rive a 17,206,376 apre lansman. Ogmantasyon enpòtan gade paj yo montre konbinezon siksè nan plizyè metrik; plis vizitè inik, amelyore fonksyon rechèch, plis angajman, enfòmasyon atan, yon nouvo seksyon sèvis, mwens tan pou rechaje ak pèfòmans anjeneral ansanm avèk pigwo aksesibiite langaj ak ADA.

Seksyon sèvis yo sou NY.gov se te paj ki te pi vizite chak semèn depi lansman an, demontre angajman Gouvènè a sèvis kliyan. Anplis, odyans medya sosyal Eta New York te elaji a plis pase yon milyon depi 2014, e kounye a lap sèvi yon odyans ki gen plis pase senk milyon, ede pou konekte plis moun a sèvis ansanm avèk enfòmasyon sou NY.gov pase anvan.

### **Ogmante pwodiktivite**

Kounye a enfòmasyon an pi ajou sou NY.gov pase anvan, kòm ekip dijital la ka pibliye kounye a pi rapidman ak efikasman grasa chanjman nan teknoloji yo. Pa egzanp, jodia ekip la ka pibliye kominike laprès nan ¼ tan (30 minit anvan-lansman konpare a 7 minit apre lansman), epi pèsonalize ak pwogram lansman entèaktif paj nan 1/60yèm nan tan (apati 30-100 èdtan anvan-lansman pou rive a 30 minit apre lansman). Amelyorasyon sa yo se rezilta deplwaman ak pèsonalizasyon yon Sistèm Jesyon Kontni ki pi itilizab, Drupal, epi fasilman pèsonalize modèl paj pwogram yo ke ekip dijital Eta ap itilize. Anplis pou ekonomize nan travay ak resous IT, Drupal se yon sous platfòm lib avèk yon pri ki reyèlman pi ba pou Eta—pandan lap kenbe piwo nivo standa sekirite atravè Platfòm Acquia.

### **Pousantaj rebondisman diminye**

Nivo kote moun yo ap soti nan NY.gov apre yo fin gade yon sèl paj te diminye tou depi lansman an, ale nan 81.4 pousan pou rive a 60.4 pousan, yon diminyon de plis pase 20 pousan. Sa a vle di ke moun yo ki ale sou NY.gov ap rete pi lontan pou eksplore diferan sèvis, jwenn plis enfòmasyon, oswa chèche diferan resous.

Dirije pa Ofisye Dijital anchèf Rachel Haot, ekip dijital NY.gov te pran yon apwòch analiz elve pou operasyon ak strateji, analiz kalitatif ak metrik kantitatif sou yon baz mansyèl pou idantifye fòs ak feblès byen dijital Eta New York. NY.gov te fèt an patenarya avèk

konpayi Kòd ak Teyori ki baze nan New York, e li sipòte pa sèvis konpayi Drupal cloud Acquia. NY.gov dirije pa NY.gov Manadjè Jeneral Melanie Galinski ak Manadjè Eksperyans Itilizatè Jessica Harrison, e strateji medya dijital anjeneral dirije pa Direktè Kominikasyon Dijital ak Angajman Sitwayen Grace Cheung.

**Ofisye Dijital Anchèf ak Sekretè Adjwen pou Teknoloji Rachel Haot te deklare,** “Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, patisipasyon enpòtan piblik la ak efò enkwayab gouvènman Eta New York ansanm avèk patnè nou yo, yon lane apre relansman NY.gov, nou gen anpil pou nou selebre. Mwen rekonesan pou vizyon Gouvènè a pou redesine gouvènman dijital pou fè li vini pi efikas, aksesib ak siyifikatif pase anvan. Se yon lonè pou travay chak jou pou amelyore sèvis dijital pou Nouyòkè yo epi modènize resous valab nou yo. Vwayaj nou te sèlman kòmanse, e travay san relach ekip NY.gov la ap kontinye bati sou fondasyon pwisan sa pou elve nivo a piwo ak piwo.”

**Ofisye Enfòmasyon anchèf Eta New York Margaret Miller te deklare,** “Gouvènè Cuomo kontinye ap defye status quo a epi transfòme fason yo delivre sèvis gouvènman an. Nou kontan dèske nou sipòte vizyon l pou yon New York ki santre sou sitwayen. Grasa NY.gov, yon vizitè pa bezwen navige ankò anpil pajwèb konplike avèk ajans pou jwenn sa yo bezwen. Inisyativ sa se youn pami anpil lòt ke Gouvènè a te mete sou pye pou fè gouvènman vin pi aksesib pou sitwayen yo e nap rete tann pou n ogmante teknoloji, inovasyon, ak kolaborasyon pou kontinye kondwi New York delavan.”

**Michael Treff, Patnè Jesyon, Gwoup Konsepsyon Pwodui nan Kòd ak Teyori te deklare,** “Lè nou te kòmanse travay nou ansanm, nou te genyen aspirasyon ki elve anpil. Se pa anpil enstitisyon gouvènman ki genyen platfòm dijital modèn, epi etabli yon egzanp nan fason gouvènman ta konnekte avèk elektè yo te santral nan administrasyon objektif yo. Stratejikman, konsantrasyon an se te pou kreye yon platfòm ki fonksyone pou moun yo nan Eta New York epi konnekte yo avèk gouvènman nan fason ki nouvo ak siyifikatif. Administrasyon Cuomo a te pran chans nan repanse vrèman kontni kreyasyon, kolaborasyon, ak kominikasyon avèk sitwayen yo, e desizyon sa yo te pwove pou yo kòrèk. Alòske nou te kontan avèk rezilta yo nan premye ane a, nou konnen ke platfòm nan ap kontinye pou l pi bon pandan letan pou reponn a bezwen ki toujou ap chanje pou Nouyòkè yo rapidman. Chak nan nou isit la nan Code and Theory konplimante Gouvènè Cuomo ansanm avèk ekip li a sou premye anivèsè NY.gov.”

**Dries Buytaert, kreyatè Drupal ak ko-fondatè ak CTO ki baze sou Boston Acquia te deklare,** “Sa New York te anmezi pou akonpli nan sèlman yonsèl ane se yon temwayaj remakab sou pouvwa solisyon sous lib pou gouvènman. New York se motè ogmantasyon kwasans nan patisipasyon sivik ak pi byen sèvi sitwayen yo grasa eksperyans dijital NY.gov. Nan Acquia, nou fyè pou n bay yon platfòm cloud, ki garanti, lib kote Eta New York ka kontinye inovè ak grandi.”

#### ANIVÈSÈ METRIK NY.GOV

Metrik	12 Nov 2013 – 9 Nov 2014	12 Nov 2014 – 9 Nov 2015
Paj yo gade	3,983,135	17,206,376

Sesyon mobil	524,896	1,970,897
Vizitè	2,321,212	6,020,838
Pousantaj rebondisman	81.4%	60.4%

Vizite sitwèb ofisyèl Eta New York nan NY.gov epi swiv Eta New York sou medya sosyal:

- Twitter: [www.twitter.com/nygov](http://www.twitter.com/nygov)
- Instagram: [www.instagram.com/nygov](http://www.instagram.com/nygov)
- Tumblr: [www.nygov.tumblr.com](http://www.nygov.tumblr.com)
- Periscope: [www.periscope.tv/nygov](http://www.periscope.tv/nygov)

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418